ku wàcc cig kër daal di wax: ahuusu bi kalimaatil Laahi At taammaati min sarri maa xalaxa, dara du ko lor ba baa muy juge ca kër googa

Jële nañu ci Xawlata doomu Hakiim As-Sulamiyata mu wax ne : dégg naa Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «ku wàcc cig kër daal di wax: ahuusu bi kalimaatil Laahi At taammaati min sarri maa xalaxa, dara du ko lor ba baa muy juge ca kër googa».

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day gindi aw xeetam jëme leen ci fegu ak làqa ci luy jariñ nga xam ne day jeñ lépp lu nit ki di moytu ak di ko ragal bu wàccee ci benn barab ci suuf, moo xam dafa nekk ci tukki mbaa ci doxontu mbaa leneen: mu jàpp te làqatu ci baati Yàlla yu mat yii ay ngëneel ci baarkeem ak ci njariñam, te mucc ci bépp ayib ak ug wàññiku, ci ayu bépp mbindéef mu am aw ay, mu am kóolute ci jépp lor ci foofa mu wàcci feeg ma nga fay nekk.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/5932